

POESAKA-SOENDA

DIKALOEARKEUN KOE PAGOEJOBAN

—:—: JAVA-INSTITUUT —:—:

Anoe djadi Redactie: Dr. R. A. HOESEIN DJAJADININGRAT.

J. KATS. M. SOERADIRADJA.

TOEDJOEL SERAT: — SALEMBA 28 — WELTEVREDEN

Pangaosna langganan Poesaka-Soenda dina sataoen ti Juli d.k. Juni f 3.—
 Pangaosna hidji (sadjilid) Poesaka-Soenda, ngagaleuh ngètèng . . . , 0.30
 Pangaos samboeng-lajang (advertentie) dina P. S. sakatja. . . . , 20.—
 Satengah katja f 12½, Saparapat katja. 7.50
 dina sakali kaloear.

Oepami ngalanggan samboeng-lajang langkoeng mirah.

Eusina P. S. No. 6 ✓

1. Saha atawa naon ari Semar? katja 81
2. Dipati Oekoer 84 ✓
3. Lalakon Satama Satomi 86 ✓
4. Adat noe kapapatènan di
Tjongaeng 89
5. Ngadjadjah Tanah Pasoendan 90
6. Kekedoetan anggahota 92
7. Tjarios sepoeh 94
8. Poesaka anoe toeroen toemoeroen 96

Saha atawa naon ari Semar?

Samboengan P. S. No. 4.

Dina poestaka-mangsa „Djowo” No. 2
taoen katiloe, aja deui dadaran Kiai Semar

karangan Djoeragan Moeso, dieunteupkeun kana Islam. Tjarita kitoe, sok aja ogé soeroepanana di Soenda, nja éta bab wajang disoeroepkeun kana Islam, boh lalakonna boh prakprakanana, dalah ngaranna ogé nja kitoe baé dilelempeng dipaparah, dipasieup ngarah soeroep, dipapaj roetjatanana.

Geura ajeuna oerang pedar deui pamendak Djoeragan Moeso teh, kieu kinten-kinten ringkosna:

Samèmèh djisim koering (Djr. Moeso) ngadadar pamendak pribados, ieu rèk ngaheulakeun njanggakeun „tjarita” anoe geus ilahar djadi katjapangan di mana-mana, nja éta nalika Praboe Joedistira (Semihadji) radja Amarta, poeta Pendawa lilima anoe pangsepoehna, patepang sareng Séh Malaja atawa Soenan Kalidjaga, moendoet dipangmoeka-keun sareng dipangaoskeun djimat lajang Kalimasada. Nja éta lantaran Semihadji

II n°6 81 ✓

mah njalira, henteu iasa **moertja**, moelih ka asalna ngadjadi, teu poepoes koe perang Barata-joeda, tjara koola-wargana noe lian, pedah njoenjoehoen djimat Kalimasada téa. Andjeunna mah nembè bakal iasa moelih ka djati moelang ka asal, dimana geus aja anoe iasa moeka sareng matja djimatna. Ari anoe piiasaeun kana matja oengeling toelis Kalimasada, taja lian ngan salah sawios Wali di Djawa.

Oengelna éta „*tjarita*” tèh kiéu :

..... Saparantos koemalajang mangpirang-pirang taoen lawasna, toengtoengna gok Sang Praboe Joedistira papendak sareng salah sawios Wali sanga, anoe kakasihna Soenan Kalidjaga, Djeng Soenan mariksa: „Andika oerang mana, djeung saba nja ngaran, naha dimakoeta kawas noe djadi Nalèndra?”

Walon Semihadji: „Mangka oeninga, nja kaola djelema koena ti alam Poerwa, Radja ti Amarta, djoedjoeloek Praboe Joedistira, Sawangsoelna kaola rèk nanja, ari andika saha, bet panganggo kawas pandita?”

Dawoehan Soenan Kalidjaga: „Ngaran koela Sèh Mèlaja, ari gawè kana ngawoe-
lang agama Islam.”

Semihadji: „Naha kira-kirana andika bisa matja toelisan anoe aja dina djimat kaola, ieu anoe koe kaola disimpen dina ge-
loeng kaola? Lamoen bisa, ieu keris koe kaola dibikeun ka andika.”

Kangdjeng Soenan ngawaler jèn Andjeunna sanggem ngalaksanakeun pamoendoetna Sang Praboe.

Eanggalna sok djimat disanggakeun ka Soenan Kali, ladjeng diaos. Doepi oengelna éta djimat taja lian kadjabi ti sahadat kalimah kali: La illaha ill Allah, Moehammadoe Rasoel Allahoe, tegesna: Teu aja lian Pangèran anoe sinembah kalawan chak, kadjaba Allah, djeung G. K. N. Moechamad saonjana oetoesanana.

Nja ti wangkid harita éta djimat diseboet „Kalimah-sada” asal tina basa Arab: „Kalimasahadat.”

Sang Praboe Joedistira niroe ngedalkeun oengelna éta djimat.

Satoetasna ladjeng Sang Praboe nganoe-
hoenkeun ka Soenan Kali, sareng sok ngahatoeranan wangkinganana tina saugèt

toemarima. Eta doehoeng dingaranan Kiai Kopek, ajeuna disimpen dikaraton Solo.

Sang Praboe Semihadji kanton njarios-
keun lalakon sadèrèk-sadèrèkna sareng koola-wargina noe sanès, saladjengna ngada-
langkeun tjaritadi alam poerwa. Teu lami deui Sang Praboe poepoes, saparantosna Islam, malah djenenganana ogè dilandih Sèh Djambioekarang, djenengan pasihan Soenan Kali djaga.

Saparantos Soenan Kali ngadangoe tjari-
osanana Semihadji, nja ladjeng koe andjeunna dikarang didamel lalakon wajah, sareng hidji-hidjina wajah dingaranan anggitan andjeunanana, anoe baris hoesoeseuneun sareng para Wali noe sanès nja kitoe deui sareng para moeridna, anoe minangka dianggo perlambang, soeloek noe aja pesekeunana.

Tah kitoe oengelna tjarita.

Saoer Djoeragan Moeso :

Koe margi aja katrangan tjarita kitoe, geus moal boa, ngaran-ngaran wajah tèh asalna mah tina basa Arab anggitan Soenan Kali téa.

Djadi, éta ogè ngaran panakawan Pandawa tèh, nja tangtoe asal ketjap Arab kènèh, tjara „Kalimasada” tina „Kalimah Sahadat” téa. Ari éta panakawan anoe tiloe tèh nja perlambangna para Wali.

„**Semar**” nocomoetkeun tjoektjroekanana asal ketjap Arab: **Simaroen**, anoe hartosna: „**pakoe**”

Tina *simaroen* robah kana. *Semar*, éta gampil pisan, geura oepami ditoelis koe aksara Arab: **Sin, mim, alif, rà** nganggo tanwidlommah. Ana dileungitkeun tèh barisbarisna, tangtos baè dibatja: „**Semar**”.

Pang para Wali, diibaratkeun kana **Semar**, hartina kana **pakoe**, asal tina lapad ieu :

„*Al Islamoe, simaroe doenia*”, soerahna: Islam tèh pakoena doenja. Oepama Islam moesna, doenja bakal kiamat, tjeuk dina agama Islam.

Ari Wali nja minangka pakoena Islam ti Djawa.

Naha **Semar** bet matak samar, naha awèwè atawa lalaki?

Eta perlambang, Wali kènèh, sabab dina Islam aja katrangan moenggoehing **lalaki** téa, soerah tina **kamoeljaan**, sipat adjeg teu

siming
sun 22
ubat
ha 10a
Petro
edro
Wpang

gedag: keuna koe obah; ari **awéwé**, soerah ibarat **hina**, loeak-lèok henteu pageuh njekel bener.

Tah moenggoehing lahiriahna anggapan djelema ka Wali, nja kitoe. Naha Wali tèh: moelja atawa hina?

Diseboet moelja, da masakat; diseboet hina, da didjoengdjoeng dipoendjoeng-poen-djoeng!

Tapi kapan aja katrangan jèn Semar tèh, dèwa anoe toemoeroen ti Soeralaja, djadi ieu pikeun nstepkeun jèn Wali tèh djelema moelja anoe linoehoeng.

Nalagareng, asal tina ketjap Arab: „*Nalagorina*” hartina: Tambah ihwan. Saha anoe tambah ihwana tèh? Nja Wali kènèh.

Ari **Pétrok**, kawasna asal tina ketjap: „*Fatroeka*”, hartina: *moengkoer ti alam lahir*. Saha anoe geus moengkoer tina kalahiran, teu kasengsrem koe doenja tèh? nja Wali kènèh.

Doeuengan èta anoe tiloe panakawan salawasna nandjoeng pinoendjoel. Eta tèh perlambangna anoe djinoengdjoeng koe Wali, nja Nabi sipatna, kakasih Pangèran; nja tangtoe baè rèk nandjoeng meureun henteu meureun, da poegoeh Oetoesanana, dimamana ogè ngan dihormat didama-dama, djadi anoe pangoenggoelna.

Ari **Togog**, asal tina ketjap: **Togien**, hartina, djelema anoe gorèng.

Aja deui batoer Togog, ngaranna **Saraita**, ieu ogè kawas tina basa Arab: „*Sara jat*”, hartina: *Liar peuting, poelang ka anting*, atawa: *dilahirkeun di noe poèk*. Ieu tèh pikeun isarah tanda djaoeh tina iman, atjan katjaangan koe tjahjana Islam. Kapan koe sadaja kaeuninga manakawanna ka anoe atjan kapandjingan koe agama.

Ajeuna oerang toeloejkeun kana njaritakeun „*Gara-gara*” dina prakna ngawajang.

Tadi parantos ditjaroskeun jèn lalakon wajang tèh anggitan Soenan Kali. Dina oenggal lalakon koedoe baè aja sempalan atawa panjelang tjarita koe „*gara-gara*” tèa, hartina: **gèhgèr** atawa „*hoeroe-hara*”.

Prakna metakeun èta gara-gara biasana tengah wengi, nja èta dimana ki dalang arèk mimiti ngaloeuarkeun Ki Semar djeung anak-anakna.

Samèmèhna ger bidjil gara-gara, dalang ngagedèan heula balintjong, singsimna di-kenjang sina tambah tjaang, anoe dipalar soepaja djadi perlambang, kana gelarna iman, ngelehkeun tjaangna sakabèh tjahja noe lawas, kasilep koe montjorongna sinar, Islam.

Djadi bidjilna gara-gara dina wajang tèh soeroep kana gelarna Islam dina alam paboedaan.

Anoe mimiti dipetakeun koe ki dalang, goegoenoengan, ngeper ngageter moentjoel medal tina poetjoek, satoetasna ngolèbat ngèntja-ngatoehoe, tjob nantjeb di tengah-tengah, nengger antjeg merenah dina tempatna.

Gamelan nabeuhna dioenggahkeun pindah lagam papalajon, mawa tandang kasabrian. gending panghoedang perang pangdjoeroeng ka djoeroe taroeng, heabna matak goembira.

Eta goegoenoengan gendjlong kitoe lir lini ngaroeksak boemi, kawah tjandra di-moeka ngagolak, goejoer tagiwoer para dèwa djeung batara, èta kabèh perlambangna Boeda kalindih koe Islam di Djawa.

Dina sabot keur goejoer tagiwoer tèa, Petroek djeung Nalagareng lantaran tjèjtèk-botjèk der taroeng. Meureun dimaranahna èta tèh ngan goegoen bobodoran baè, pada hal ari maksoedna mah ngaboektikeun perang agama balad Madjapait djeung Bintara. Nja èta perang djeung doeloer kolot, perlambang Adipati Bintara, Raden Patah nempoe Praboe Brawidjaja Maha Radja Madjapait.

Nja harita deui ki dalang ngaloeuarkeunana toetoengkoesan, kakawèn ngabarcoengsoeloeok, ngandoeng harti soerahanenun.

Oepami èta goegoenoengan tèa koe oerang ditilik diawas-awas, gambar-gambarna tèh lain samanèa, lain darapon sok baè, tapi kabèh aja maksoedna aja soerahna. Ari papaésna dina goegoenoengan tèh:

1. Gapoera anoe pantona meundeut, **Selapanangkep** diseboetna djeung oempakan tanggana.
2. Doea boeta, **Koeroebioen** ngaranna anoe ngahapit panto bari ngaloeagas pedang.

3. Saloehoereun panto ajagambar **banaspati**.
4. Gambar tangkal (tjeuk dalang tangkal nagasari). Dina éta tangkal aja:
 1. Oraj naga anoe meulit kana éta tangkal.
 2. Doea sato anoe boentoetna kawas boentoet bocaja.
 3. Hajam djago kéntja katoehoe.
 4. Monjét doea.
 5. Gagak doea.
 6. Djapati doea.

Gambarna atawa papaésna goegoenoengan téh nja sok radjeun baé aja bédana henteu sadaja saroea pisan, tapi pokona mah teu meunang soelaja, sabab hidji-hidjina gambar pada ngandoeng sasmita aja pisoeraheunana, lain aja sakama-kama.

Kieu soerahna éta papaés goegoenoengan téh:

1. Eta gambar panto anoe meudent, maksoedna nembongkeun Sanggarpamoedjan, tempat para Wali moemoedji ka Goesti; Allahoema dakkierni wal 'alamiena adjima 'ien, mienaldjiennie waliénsie walmalaikah, Innaka 'ala koeli sja'in kodier! Aamien!
2. Dihapit koe boeta anoe ngadjaga doea-an, *Karoebioen* tea maratek pedang, nja éta anoe nangtajoengan Islam, poerah njing-kahkeun moesoeh.
3. Anoe diteda ka Pangéran dina Sanggarpamoedjan sangkan Islam pinoendjoel, koebrana agama Boeda geura moesna ti Djawa; éta agama Boeda digambarkounana woedjoed Banaspati téa, geus kasoran ngalipek di sahandapeun kai, ngaran kai: „**Sadjarotiel moentoha**,” nja éta kakajon sawarga, perlambangua islam.
4. Oraj naga meulit dahan, éta isarah djalan Islam ngalaksanakeun oedaganana.
5. Ari éta sato anoe boentoetna kawas bocaja, sato teu aja woedjoedna, nja éta gambarna harti kaboedaan dina rasa oerang Islam.
6. Hajam djago, anoe djadi isarah kana panggeuing njaringna ati, ngahoedang boedi; ngaragoem tawis kaenggoelan, kongkoro-ngok nangtang lawan.
7. Dina kakajon papaésna gambar monjét, jén Tanah Djawa anoe pinoeh koe goenoeng

djeung leuweung, ajeuna geus aja, anoe miboga, kamilik koe terah ahli, kageugeuh koe kaislaman.

8. Demi hartina djapati pang diajakeun di dinja, nja éta djadi perlambang kana: „*soetji ati bela pati*,” moal alang koemapalang.

Tah kitoe ringkesna pamendak Djoeragan Moeso perkawis bagbaganana wajang djeung Kiai Semar téh.

Tapi... nja éta atoeh, kapan ari pakem pawajangan mah, parwa-parwa Mahabarata téa, ajana di Djawa téh geus ti béh ditoeun alam Wali, geus ti djaman Radja Aérilang kénéh.

Ajeuna oerang ladjengkeun kana tjoek-tjroekan Semar dina Pramajoga téa.

Dipati Oekoer

Saméméh djsim koering ngadadar pamendak, ngémbarkeun toetoeeranana Dipati Oekoer, toemoet raratan panaloengtikna para boedjangga anoe pada njoektjroek galoer mapaj babad, anoe poegoeuh ringkoekna geus aja ti baheulana, ajeuna badé ngaheula-keun njanggakeun katrangan ka sadaja, anoe nétélakeun soelajana pamendak djsim koering sareng anoe kaengel dina Babad Soemedang karangan Kangdjeng Dalem Bandoeng pangsioen, anoe parantos aja tjoetana dina P. S. No. 3 téa.

Perloe djsim koerin énunggal ngahatoer-keun katrangan, réh éta wawatjan sareng tjoetatanana, parantos nerekab ka mana — mana, bok bilih matak djadi beurat sabeulah ngalarapkeunana, anoe mawi ieu njangga-keun imbang —imbanganana.

Soepados djadi oeninga ieu anoe djadi babon, tjarios Dipati Oekoer anoe badé di dalangkeun koe djsim koering, kénging poengpoeloeng — péngpéleng, kénging ngempelkeun sareng njoetatan tina:

1. Tina boekoe „**Priangan**” djilid ka III karangan | Dr. F. De Haan. | ✓
2. Tina Panglajangang Bat. Gen. karangan toean. | J. Hageman | tina perkawis Sadjarah Pasoendan, sareng karangan Teo-an | Holle. | ✓

Biwana: 50.000.-
Pradjoerit: 100.000.- Soemedang

Dipati Oekoer
Kaayaan
Pasundan
abad 16 (1601)

3. (2.) Tina Sadjarah Banten.
Geura mangga oerang bandingkeun anoe
kaoengel dina boekoe—boekoe anoe bieu
sareng wawatjan Babad Soemedang téa,
soepaja kaoeninga soelajana.
Dina tjoetatanana dina P. S: No. 3 ka-
oengel kieu:

Pangkoer.

Estoena mah koering balad, Sadawoehan
koedoe njampeuran pradjoerit, kénging ogé
henteu tjoekoe, komo oerang Pasoendan,
anoe tara saemoerna taroeng tjampoeh,
angot Dipati oekoer mah, teu pisan ngirim
pradjoerit.

Tah kitoe oengeln. Tapi oerang
Pasoendan diseboet saemoerna tara taroeng
tjampoeh téh, ari sajaktosna mah:

a. Noemoetkeun oengeln karangan oerang
Portegis djerenganana toean Barros anoe
dina windoe ka 16 geus datang ti Malaka
ka tanah Soenda doemeuheus ka Radja Soenda,
baris ngabarempagkeun hal dagangan, nje-
batkeun jén Dajeuh Soenda téh moerah
sandang moerah pangan, Ajiwana di Dajeuh
dikinten kana lima poeloh réboe pradjoeritna
dikira aja kana saratoes réboe réana, beu-
ki lila beuki koerang lantaran perang moe-
moesoehan djeung anoe geus Islam.

b. Oerang Portegis anoe noedjoe aja di
Soenda réana aja 40 djalma, aja anoe miloe
djeung 7000 (toedjoeh réboe) pradjoerit
Soenda anoe koedoe ngaroeroeg ka Djawa-
tengah, ti dieuna ka Demak heula. taon 1546. ✓

c. Oerang Soemedang, nja oerang Soenda
kénéh, geus ditimbalan koe Mataram nga-
roeroeg Madoera (Sampang) sarta oenggoel
perangna.

d. Oerang Banten geus ngaroeroeg Palém-
bang, perang sareng oerang Inggis sareng
Koempeni, perang sareng Padiadjaran.

e. Oerang Tjirebon perang sareng oerang
Soemedang, sareng oerang Koeningan.

Sareng seneur—seneur deui.

Koemah ari Dipati Oekoer, jaktos teu
ngirimkeun perdjoerit, nalika ngaroeroeg
Koempeni ka Djaketra? Dipati Oekoer téh
harita keur djoemeneng Goepernoer di Ta-
nah Soenda, iwal Banten sareng Tjirebon
diangkatna koe Soenan Matram ngagentos
Dalem Soemedang Rangka Gedé anoe keur

ditahan di Mataram, anoe tadina njepeng
Kagoepernoeran di Soenda:

Harita nja Dipati Oekoer anoe ngeréh }
Imbanagara Soekakerta Galoengoeng, Soe-
medang, Tjihaoer, Batoe lajang dj. s. t. }

Dipati Oekoer kaboepatenna di wewengkon
distrik Tjiparajajenna, nja éta di Paboentelan,
Tjikatoel, Tjibodo, ditimbalan koe Mataram
ngaroeroeg Koempeni ka Djaketra, njandak
sababaraha oemboel; 1 Oemboel Batoelajang,
2 Demang Saoeng-gata, 3 Ngabei Joeda-
kerta ti Tradjoe, 4 Oemboel Malangbong, 5
6 Sasigar, 6 Tjihaoer mananggal, 7 Kooripan,
8 Segara-herang.

Djoemblah baladna sadaja 4000 opat réboe }
balad Soenda, dikapalaan koe Dipati Oekoer }
sareng Rangka Soemedang. } =

Dipati Oekoer sabaladna moeroe ka Kara-
wang rék mendakan Bahoereksa sénapati
Mataram, tapi njampak teu aja; di dinja
ngantos dongkap ka 7 dinten, nja broel baé
ngepoeng Djaketra.

Bahoereksa bendoe ka Dipati Oekoer,
dikelakkeun ka Mataram, pédah miheulaan.
(Petjoh djeung batoer).

Dipati Oekoer sabaladna anoe pangang-
segna pisan ngepoeng Djaketra, ieu kasaksian
koe tjetatanana hidji balad Koempeni anoe
harita miloe kakepoeng di Banténg Djaketra.

Dipati Oekoer djeung anoe ti Soemedang
koengsi ka Djaketra mendakan Goepernoer
Koempeni.

Balad Oekoer sareng balad Bahoereksa
keuna koe sasalad, kakoerangan teda, lang-
lajouseun maraot.

Senapati Mataram petjoh sareng batoerna,
aja doean anoe harita ditelasan, koe
batoerna.

Dipati Oekoer malik ngéwa ka Mataram.

Pang kitoe nja manawi réa lantaranana,
tjeuk sakaol ambek ka oetoesan Mataram
pédah geus asoep ka djero boemi Dipati
Oekoer tempat garwa (para selir?), oetoesan
Mataram dipaéhan, toeroeg-toeroeg nga-
roeroeg, teu hasil.

Dipati Oekoer medal sila ngantoen paka-
langan, saar ngepoengna moesoeh, malik
ngalawan Mataram.

Oemboel Soenda anoe lian, aja anoe biloek
aja anoe henteu ka Dipati Oekoer, anoe teu
biloek hartosna satia ka Mataram nja éta:

1. Ki Wirawangsa ti Soekakerta. ✓

2. Ki Astamanggala ti Tjihaoer.
3. Ki Somahita ti Sindangkasih (Galoeng-goeng).

Dipati Oekoer **sabaladna** ngadamel bénténg di G. Loemboeng distrik Rongga (Tjililin) apdéling Bandoeng ajeuna, ngalawan anoe rék nangkép.

Nja di dinja sanggeus dikepoeng 2 taoen éléhna, sadajanaoemboel anoe biloek ka Dipati Oekoer, nja éta:

Demang Saoenggata dihoeroe hiroep-hiroep, Toemenggoeng Batoelajang digodog, Joedakerta dipitjits di katja-katja, Oemboel Koeripan, Segara-hérang ditoetoe, sadajana di Mataram, nja kitoe deui Dipati Oekoer.

Oemboel anoe tiloelan, anoe béla ka Mataram nja djaradi Boepati dibagi tanah anoe tadina bawahan Oekoer téa.

Tah kitoe ringkesna; ari katrangan anoe sampoerna mah engké baé ti pengker orang ladjengkeun.

SOERIA DI RADJA. ✓

Lalakon Satama Satomi
(Tina pakem pawajaran Djawa).

1. Djedjering tjarios nagara Galoeh. Praboe Bandjaran Sari keur dideuheusan koe saderék-saderékna anoe djenengan: Raden Arja Praboe Among Sari, R. A. P. Djajeng Sari, R. A. P. Djajeng Resmi, R. A. P. Djajeng Tilam, sareng Raden Patih Adipati Satama. Kangdjeng Radja ngadawoehan ka Patih Satama koedoe ngajakeun atawa nèangan gagaman perang anoe pinoendoel, sarta sorana tarik lir gelap ngampar, pitoedoch tina impènan.

Patih njanggoepan kana satimbangan.

R. A. P. Djajeng Resmi, R. A. P. Djajeng tilam oendjoekan ka Kangdjeng Radja badé mapag garwana ka patapan. Kaidinan.

Kangdjeng Radja lebet ka kadaton, ladjeng ka sanggar. (**Sanggar** tèh minangka masjid moen ajeuna mah, nja éta tempat anoe biasa dianggo moedja kour alam agama Boeda. Di oenggal karaton atawa lemboer, koedoe baé aja. S. d. R.).

2. Di pasèban loear. Rd. Ar. Among Sari,

Djajeng Sari, Djajeng Resmi, Djajeng Tilam, Patih Satama, sareng para ponggawa kempelan. Rd. Ar. Among Sari ngadawoehan ka para ponggawa, ngadjadjapkeun rai-raina anoe rék mapag garwa, tepi ka tapel wates nagara. Boebar ti pasèban.

3. Di nagara Bodjonagara Kangdjeng Radja Praboe Darma Soesèna, dideuheusan koe Patih Arja Darma Soeranta, Toemenggoeng Darma Poera, Darmaksana, Darmagati.

Patih oendjoekan jén dioetoes ka Dadapan moendoet anakna Nji Randa, anoe ngaranna Kèn Poespita Wati sareng Kèn Poespita Sari tèh, henteu hasil Nji Randa atjan bisa njanggakeun, lantaran éta doea istri laleutik kènèh, Nji poetri atjan poeroeneun boga salaki. K. Radja harendeg, nimbalan sadia mantri ponggawa.

4. Di kapatihan Galoeh Rd. Adipati Satama, garwana anoe djenengan Njai Satami, poetra-poetrana: Arja lowang, Arja Soepena sareng mantoe na djenengan Rd. Arja Djajagoeng, keur goenem tjatoer kasesahan rèh meunang dawoehan anoe sakitoe beuratna, koedoe ngajakeun pakarang perang, pitoedoch impènan. Garwana ngadjak maboer, minggat ti nagara.

Radèn Patih satia ka Radja, saorna: Rék minggat minggat ka mana, koeriak balangsak ninggang kana lara wirang; leuwih oentoeng poepoet oemoer, nepi ka nemahan adjal toehoe ka noe djadi ratoe, satia ka maha radja, tinimbang baha kana timbalan. Djerih tambah béngkok sembah, njata sipat tjatjah roetjah!"

Garwana toemoet tina béla ka tjarogé, saorna: Istri migoesti salaki, henteu miradja noe lian!"

Patih djeung garwa baris tilar nagara ngilari pakarang perang anoe sorana lir gelap ngampar.

Méméh angkat wangsit ka poetra — poetra saorna:

„Baring soepagi lamoe, manéh ngadéngé sora ngageleger lain goegoer, geuwat teangan, karana nja di dinja mangsana laksana sapamoendoet ratoe sarta di dinja maraneh bakal papanggih deui djeung ama djeung iboe

5. Lalampan satria anoe badé mapag

garwa Rd. Ar. Djajeng Resmi sareng Djajeng Tilam diiring koe panakawan doea Coesbérok djeung Goespoeja. ka patapan Tjengkal séwoe, tapi Adjar Saloka, sareng garwana éta doea satria téa geus teu aja, Tjatrik piodjoek: Sang Adjar poepoes aja anoe ngabégal di djalan, ari poetri anoe doea, doeka ditelasan bégal, doeka dibojong, doeka moeboes, moeng moal boa deni kawasna dibojong koe moesoeh anoe teu poegeh losna téa."

Doea satria sangsara ngilari garwana.

Doea satria ngandangoe wartos di lemboer Dadapan bawahan Bodjanagara aja randa boga anak doea gareulis.

Koe satria didongdon soegan djeung soegan.

6. Di lemboer Dadapan, Nji Randa keur ngaririhan poetri noe doea Kén Poespita Wati sareng Kén Poespita Sari, soepaja kersa dipigarwa koe ratoe Bodjonagara. Poetri dibibita koe Nji Randa.

Poetri narangis tina émoet ka tjarogè, moentang ka noe kawasa, hojong geura di djait tina prihatin, tepang deui djeung rakanana, anoe diarep-arep siang wengi.

Djol soemping satria doeaan, teu samar deui tètèla tjarogèna, gabroeg silih rangkoel silih tangisan, sosonoan patepang dina kalaraan.

Nji Randa poengak-pingoek larak-lirik, samar rampa.

Nji Randa tjeurik neda hampoera ka satria, toeloj bébédja ka nagara. Radja Bodjonagara bendoe ka satria anoe doeaan.

Lemboer Dadapan dikepoeng koe wadia bala, satria koedoe ditangkep.

Balad Bodjonagara tjarem, teu aja anoe bisa njangga poelia.

7. Kotjap Patih Adipati Satama djeung garwana anoe djenengan Njai Satomi, asroek-asroekan ngilari timbalan ratoe, toeroen goenoeng oenggha goenoeng.

Noedjoe keur aja di goenoeng Wela Hoeloe, tengah wengi, Patih Satama nampi wangsiting déwa, jèn geusan ngalaksanakeun pamoendoet ratoena téh, andjeunna djeung garwana koedoe tatapa, **koelem** di djero goeha anoe aja di tengah-tengahna leuweung Wela Hoeloe téa.

Djengkar ngilari goeha pitempateun tatapa. Patih Satama tepang sareng 10 djelema anoe keur ngarala kai.

Anoe 10 djelema dihiras ngadamel lombang djero, diboeroohan doenja barana.

Lombang anggeus. Istri-pameget wengina lalobet ka djero lombang badé tatapa, dikarimboen koe sindjangna dodot. Barang parantos 40 dinten 40 wengi tatapana, bidjil haseup sorana ngageleger sada gelap ngampar.

Sora kadangoe ka Kapatihan. Para poetra gehger, doemeuheus ka Kangdjeng Radja ngoendjoekkeun wangsit ramana.

Oetoesan Ratoe ngoengsi ka goenoeng Wela hoeloe, meunang raratan ti djelema 10 toekang ngala kai téa.

Lombang ditèang bèh katingali siga doea djelema anoe keur koelem sakampoeh koe sindjang kebat.

Arja Lowang teu samar jèn éta sindjang anggoan iboena, énggal toetoeoeboen ka djero lombang, kampoeh diboeka.

Kagèt sadaja, Arja Lowang nangis, rès barang braj sindjang diboeka, itjal djasad Patih Satama sareng garwana Njai Satomi, bèh aja **marlem doea. Mariem** ditangisan koe para poetra.

Mariem digotong koe wadia bala ditjan dak ka nagara.

8. Di nagara Bodjonagara, Sang Praboe dideuheusan koe Patih sareng para Boepati mantjanagara.

Patih oendjoekan ngoeningakeun parapong-gawa anoe ditimbalan ka Dadapan, mèh sadaja tjarem kasamboet kawon djoerit koe satria anoe ngakoekeun salaki Kén Poespita Wati djeung Kén Poespita Sari.

Kangdjeng Radja bendoe, nimbalan ngaroeroeg-

9. Dadapan dikepoeng. Raden Djajeng Resmi sareng Raden Djajeng Tilam diperrangan koe balad Bodjanagara, Balad Bodjanagara éléh kabéh.

Radja Bodjanagara madjeng perang, barang gok adoe hareupan, katingali jèn Satria Poetra Padjaran, gabroeg dirontok ditangisan, Sang Radja moendoet hapoenten. Sang Radja Bodjanagara nimbalan Patih njajagikeun tandoe djoli djeung djampana anggoeun poetra-poetri.

Broel moelih ka **Galoeh** diiring koe wadia bala Bodjanagara.

10. Di nagara Galoeh, Kangdjeng Preboe dideuheusan koe R. A. Djajeng Sari sareng para Boepati, keur ngadjeng — ngadjeng rai — rai anoe mapag garwa teu atjan saroeumping kénéh boè.

Sabot keur kitoe broel aleutan ti Bodjo nagara soemping. Rd. Djajeng Resmi, Rd. Djajeng Tilam sareng garwa — garwana, nja kitoe deui Praboe Darma Soesena sareng para boepati lalebet ka Kadaton, doemeuheus ka kangdjeng Preboe.

Para ponggawa Galoeh anoe ngagotong mariem, diiringkeun koe Rad Arja Lowang poeta Patih Satama, saroeumping ka nagara.

Kangdjeng Preboe soeka — doeka ningali kadjadianana papatih Satama sareng garwana, ganti djsim tigin sadawoehan.

Mariem dingaranan **Satama** sareng **Satomi**.

Raden Arja Lowang didjenengkeun papatih ngagentos ramana, dipaparin djenengan Adipati **Bodjolowang**.

Kangdjeng Preboe ngadawoeh ka Rai Dalem Rad. Ar. Among Sari, dawoehanana: „Kakang katjida soesahna pédah tjeuli njeri teu aja mendingna, tepi ka ajeuna geus koerang roengoe, oebar sagala oebar, oebar taja noe mental. Kakang nampi wangsiting Déwa, koedoe dilandongan koe getih djeung hamperoe landak.

Ajeuna taja deui anoe koe kakang diperih ngan adi pribadi, koedoe boeroe — boeroe moro landak masing meunang!”

Raden Arja Among Sari njanggeman satinggalan rakana, harita kénéh djengkar disaringan koe Rad. Soerengpati sareng Rd. 11. Soerangapati Raden Arja Among Sari sabaladna soemping ka tengah leuweung badé moro landak; ngoebek dihaben disaksrak weléh teu mendak tapak — tapakna atjan. Kaleresan barang éta tiloe satria soemping kana lamping hidji pasir, mendak landak sahidji Landak diboeroe koe tiloean lapoer, aboes mantén kana liangna.

Tiloe satria barempag Rd. Soerangapati diperih koedoe njoesoel ka djero liang anoe doean megat ti loear.

Rad. Soerangapati gebloes ka djero

goeha, kawénéhan, salin tingal asa aoep ka nagara. Soemping ka karaton agréng, djelema balawiri. Raden Soerangapati maiksakeun ka hidji djelema anoe dioek di paséban agoeng saorna: „Ki Sanak, ieu téh nagara naon ngaranna mana ramé — ramé teuing, djeung saha anoe kagoengan nagara?”

Walon anoe ditaros: „Bisi teu oeninga nja ieu anoe katelah nagara Kandapan téh, ari anoe djoemeneng Ratoe kakasihna Praboe Anggapati!”

Saoer Radén: Aja naon djelema mana objag pasoeolibrengan kieu, kawas keur aja kasoelah!”

Walon anoe ditaros: „Weu enja pisan, djelema keur pada soesah, miloe soesah ka Kangdjeng Radja, pédah poetri poeta Kangdjeng Radja, teu damang wales, ari asalna moelih pelesiran, soemping — soemping broek teu damang, dongkap ka ajeuna teu lasa goegah — goegah atjan.

Doekoen — doekoen dikeloen paradji dikerid, tapi weléh teu aja anoe bisa ngadamangkeun.

Anoe mawi ladjeng Kangdjeng Radja ngadamel saémbara kieu: Saha — saha anoe bisa njageurkeun kasawat poetri, baris teroes dipoeloeng mantoe ditikahkeun ka poetri, sarta didjoengdjoeng djadi Radja Anom maréntah nagara sabeulah.

Tah anoe mawi sakieu objagna téh pédah keur saémbara. Tjing soegan andika iasa ngalandongan, mangga oepami kersa koe koering didjadjapkeun diiring ka karaton!”

Saoer Rad. Soerangapati: Nja oerang balagondjangan baé, soegan djeung soegan!”

Lalebet ka karaton.

12 Di karaton Kandapan. Praboe Ganggapati dideuheusan koe Patih Ganggastqera sareng para najaka, keur goenem tjatoer njarioskeun poetri **Anggranari** teu damang wales, geus disamarkeun menjat deui.

Djol dongkap Ngabei Grogol ngiringkeun Rd. Soerénggapat, sarta dioendjoekkeun jeng sanggem ngalandongan poetri.

Kangdjeng Radja soeka galik, boedal ka Kapoetren.

Sang Poetri kasawatna wales diroeboeng — roeboeng koe para emban.

Koe Rd. Soerengapati dilandongan koe *lisah sang kalpoetoeng*. Poetri dadak sakala damang.

13. Rd. Soerengapati diangkat djadi Praboe Anom, ngamilik Sang Poetri, soekan—soekan olèng pangantèn.

Praboe Anom, gentos anggoan paparin garwana.

Praboe Anom hojong ngadjadjah nagara Broel para goelang—goelang ti pajoen, anoe ngiring ratoes—ratoes.

14. Rd. Arja Among Sari. Ngabehi Soerengapati sareng sadaja oerang lemboer anoe keur ngantos Rd. Soerengapati, ningal landak njeksrék bidjil tina liang.

Pahiboet landak ditéwak, anéh kabéh lindéuk da keur ngiring ratoena. Béh katingali ratoe landak ngadjoenggiring diabring—abring, rék pada néwak kaberoe ngedjat aboes deni kana liang.

Praboe Anom mah ningali ka Rd. Soerengapati, enggal ngedjat ngagentos panganggo sarta djeg djadi Rd. Soerengapati deui, mendakan ka anoe keur moro landak tea, ditjarioskeun lalakonna.

Boedal ti pamoroan moelih ka nagara, doemeuheus ka Kangdjeng Radja, njarios keun lalakon kawénéhan sareng njanggakeun landong.

Kangdjeng Radja damang.

15. Katjarioskeun Radja Kandapan, Praboe Ganggaspati bendoc ka oerang Galoeh, reh mantoe kabojong balad dikaniaja. Nimbalan mapak bala ngaroeroeg ka Galoeh.

Nagara Galoeh diroeksak landak.

Praboe Galoeh moendoet toeloeng ka Bagawan Noesoek Toenggäl pikeun njegah landak. Oerang Galoeh dipaparin gagaman *wit rodamala* (bagal gebog), landak maboer katawoeran.

Tantjeb kajon

Adat noe kapapaténan di Tjonggéang

Ajeuna mah kawasna di dieu di oerang, geus di sakoeliahna ana aja noe kapapaténan téh prak—prakanana moelasara majit liahar metakeun talari papagon agamana,

oerang Islam noeroetkeun atoeran Islam, oerang Kristen noeroekeun atoeran Kristen.

Tapi koemaha ari petana oerang Soenda baheula dina prakna moelasara majit?

Tangtos pisan bënten deui ti ajeuna.

Ieu di handap diserat, kènging njoetat tina boekoe panglajang Bat.' Gen, karangan **Rad. Karta Winata Djoeragan Patih Soekaboemi** marhoem, (nalika njepeng damel di Soemedang), bab adat kapapaténan oerang désa **Bengang** katjamatan **Bosah-dosa** distrik **Tjonggéang**, apdèling Soemedang.

Adat kieu téh antjal—antjalan ajana, ngan kari di djelema anoe atjan sakoemaha kapandjanganana agama Islam baé, nja éta di anoe ngoekoeban kénéh kaboeheenan, kitoé ogé dina pok—pokonana mah geus réa lambonanana, tjampoer Soenda Arab djeung Djawa.

Anoe rék maot keur ngahandjoe rék ngateupaskeun njawa, lain didikiran atawa dipangadjikeun, tapi **dikawihan**, lagoena geus ngabakoe tjara kawih pantoen atawa tjara lagoé ronggèng. Kieu pok—pokan kawihna:

Tobat Allah,

Eling—éling kai djsim.

Boeboehan koe kakolotan.

Toemoeroeb tjahjaning Allah.

Tobat Allah Wali joellah.

Tobat Allah Toewan Toeban.

Nja Toewan Pangéran isoen.

Mikaloele sipat woloe.

Dikamoedi iman tohid.

Diboséhan koe maripat.

Tihang lajar pantjer iman.

Soekma moelih badan poelang.

Nja moelang ti alam doenja

Nja moelih ti dalem boemi.

Koelintjer di lemah soetji.

Datangna ka rahmat toellah.

Lantas ka djati sampoerna.

Ja hoe, ja Allah, Ja hoe, ja Allah.

Dikawihanana nepi ka lastarina. Sanggeus les kakara eureun sarta majit diroeroeb.

Dina njiramanana ogé aja anoe koedoe dipapatkeun, kieu pok—pokanana:

Sang Ratoe Pangéran Hantaroem,

Sang Ratoe Noer gaib,

Dat ing iman, Rat ing iman,

Méh mat, Sah mat, Dat rat.
Ret les, kang pasti.

Babakoena anoe ngoeroesna koodoo doekoen, sarta sanggeus majit disiraman boel ki doekoen ngoekoes, bari teu tinggal ti djampé, kieu pokna:

goel koekoes ka noe Agoeng,
Ka noe woegas ka noe ligas,
Pangdatangkeun pangdongkapkeun,
Ka nagara Toendjoeng Sampoerna,
Badan sampoerna, Sri Toenggal sampoerna,
Serahaken ka Malaikat Intjer poetih.

Sanggeus tamat, ki doekoen ngaharéws ditompokeun kana tjeuli majit, pokna:

Elaj — elaj, Las — les.
Tes poetih, tes hérang, poelang ka nagara moesna.

Sanggeus tarbib djoeng majit dipindahkeun ka tengah imah atawa ka tepas anoe akira lalaga tempatna, lain rék disalatkeun.

Ti dinja djol awéwé — awéwé anoe geus tararabah kana kawihna ngarioeng ngalingkoeng majit, ari Ki Doekoen di sirahéuna, na, ngong deui ngawih bareng saréréa, lagoe papanteenan atawa lagoe ronggeng téa. Kieu minangka babatjaanana:

Eling — eling, astagah firoelah haladim.
Astaga firoelah haladim.
Astaga firoelah haladim.
Kang latip koeboer kang aloes.
Maoeroen manoeek manaoeroen
Nitih lawang sawerega.
Djabarail lagi nangis.
Parahoe pakoering ajar.
Djoeroe batoe iman tiloe
Djoeroe moedi iman tohid,
Diboéhan koe maripat.
Loek ngakoe badan moelia.
Moelia badan sampoerna.
Moelia koe panarima.
Astaga firoelah haladim.
Astaga firoelah haladim.
Astaga firoelah haladim.

Majit digotong ka koeboer. Eta awéwé-awéwé djeung ki doekoen anoe tadi nga-

wih téa, miloe deui ngiringkeun ka koeboer, bari teu répéh ngawih bareng saréréa tjara tadi, minangka ngadikiranana.

Sanggeus réngse ngoerebkeun, boel ki doekoen ngoekoes, sarta bari mapatkeun djampé, kieu djampéna:

Manik soemilar ngaran menjan poetih, koekoes poetih asoep ka tjahja poetih, njanggakeun sangoe poetih sapoeloekan ka si

Tarima djeung panarima, soeka soetji moelia badan sampoerna.

Sanggeus ngoekoes koe menjan, toeloej koe tipoeung paré, kieu pok — pokanana:

Isoen kongkon ka Malaikat Djabaniah, pangdatangkeun tipoeung tawar, tjrih poetih moelet, moelia rasa, rasa rasoel, Rasoel loelah.

Sakoemaha biasa astanana sok toeloej dibandjoer koe tjal, éta ogé nja kitoe, ngan bari didjampéan, kieu djampéna.

Banjoe soeka banjoe soetji
Soeka soetji, moelia badan sampoerna.

Woer kembang, kieu babatjaanana:
Kembang sekar, boenga kembang, soesoempingé Bagénda Sir, pasihan Nabi.
Ti dinja mah nembé boebar.

Soemedang October 1887.

Ngadjadjah tanah Pasoendan

Soegri anoe parantos ngentjar tina paribasa „koeroeng batok”, tangtos pisan sering karandapan rasa kaloeman oeloekoe-tek di sapatempatan baé tèh, sarta geus moal lepat, kadang kala sok tjop aja manah hojong liar angkat-angkatan ka tempat lian, malah andjogna mah kana hojong ngadjadjah boeana kapan, tjeuk anoe-lampar djanglar manahna mah; kantenan pangbangbangkreun panglilipoer di geu-

san koe andjeun teu kirang tèa mah, moeng èta baè oerang tèh soh hajang ganti lagoe tèa, oelah tjol peda tjol peda. Nanging pikeun anoe heureut pakeun, nja ngan bati koemaha, napsoe kana loemakoe natakoe, arè ngalirik kanan eusi kantong si mana horèng bet kosong; kawoewoehwoewoeh ari anoe keur koemawoela mah, makè kedah sembah koeriling heula, sagala roepa. Nja èta atoeh, bet sok sagala teu koe hanteu tèa! Nanging aja tarekahna ngarah teu sakoemaha waragadna, saajeuna mah oerang toenggang Poesaka-Soenda baè heulaanan; saboetoeuna oerang ngaheulakeun njadadjah sakoeliah Pasoendan. Keun Poesaka Soenda anoe djadi toedoe djalanna, ari anoe ngadjedjeranana njabalad Poesaka Soenda kènèh; geura mangga ajeuna oerang angkat heula ka Dramajoe, ningali anoe.

ngistrènan koewoe di Soekaerip.

Toeh, anoe ngadjedjeranana djoeragan A. Soeardi Goeroe H. I. S. Indramajoe. Henteu tebih Soekaerip tèh ti kota Dramajoe, manawi kirang-langkoeng aja kana 6 pal, dibawahan katjamatan Balongan. Ari dina prak-prakanana milih pikoewoeun mah, ah teu kedah ditingali, da ilahar baè prah sapertos di oerang, ngan èta anoe pada hajang kapilih tèa aja lalandianana „MILET PASANG” disebatna. Doept anoe perloe dilajad tèh, èta dina wengian pèstana koewoe anjar tèa, nja èta minangka diistrènanana koe djelema-djelema; da dimana bisloeit kakoewoean parantos katampi, tah kedah baè pèsta, sanès najoeb tapi nanggap wajang. Waktoema pèsta kantenan kènging ngètang heula. anoe ninggang dina moestari tèa, sarta lalakonna kènging meting henteu sambarang lalakon, tara ngarah ramè rèa perangna goejeon ngarah sisindiran alokna, tapi tjairita anoe djadi eunteung, pitoeah ka koewoe anjar; Geura mangga oerang ningali ngawajangna.

Toeh lalakonna tèh kitoe teu sapertos lalakon Atmadja, Soeanda, Artadja, Oesoep atanapi Kajat, ieu mah, kawas sanès tina pakem, ki dalang njokotna lalakon ogè, da anoe dipalar tèh èta, hajang ngasoepkeun rasa ka sarèrèa, nja kaki koewoe anjar babakoena anoe ditoedjoel

mah, jèn: kahadèan tèh lana, teu roeksak keuna koe mangsa, ari kagorèngan nadjan diboeni-boeni ogè, ih awal-ahir sok keukeuh èbrèh miloe ka hareup, teu beunang dipinding-pinding; manawi nja ngaboektikeun paribasa: saboeni-boenina noe ta-eun tèa, kedah baè aja horna.

Ari priboemina mana, bet teu tèmpong-tèmpong?

Tah èta anoe perloe ditingali tèh deui. Ki Koewoe mah sareng Nji Koewoe teu miloe nongton, teu miloe balakètrakan, doeanana ogè ngaharèkok baè dikerem di pangkèng. Ieu mah anoe ngoeroes tamoe ngoeroes pasoesoegoeh tèh, bapana sareng mitohana ki koewoe. Oepami teu èta, sok salah sahidji parèntah dèsa.

Ari ki koewoe tadi ogè mèmèh ger tata-loe, parantos boes di-ka-pangkèngkeun, pangkèngna kènging netebahan dikepoet koe kasang djinem, nji koewoe nja kitoe deui dikapangkèngkeun, tapi dipisahkeun ti salakina. Pangkèngna tampolana mah ngadadak baè njieun cepami teu aja tèh. Di djero pangkèng disajagikeun djadjabangan gedè dipinochan koe tjai, tjai biasa baèn gan kedah disaratan koe tjai balong, balong karamat, balong karochoen tjeuk oerang dinja mah, anoe ajana di hareupeun balè dèsa. Anoe ngageugeuh èta balong hidji oraj, sagedè nanahaon wartosna, malah ari koe anoe kawènèhan mah sering kapendak.

Geura mangga oerang lalabet ka pangkèng Nji (Ki) Koewoe.

Tah ari di pangkèng Ki Koewoe mah, ieu batoerna Sasaka dèsa (Ngabèhi, Kokolot; Toea-kampoeng moen di Bandoeng mah); ari itoe di pangkèng Nji Koewoe, randa baè, kolot anoe dipertjaja dipikalot koe oerang dieu.

Ari ieu anoe ronghok ka pangkèng tèh, nja anoe pada harajang terang baè, anoe badè njaksian *ngabandjoeran*. Toeh geuning Ki Koewoe parantos er deui dibandjoer (diwoewoengan) koe anoe tadi ngabatoeran tèa, koe tjai tina djadjabangan tèa.

— Hawatos, itoe doegi ka parantos ngajèkjèk kitoe!

— Kantenan, ari margina éta tèh sawengi djepoet teu lirèn-lirèn meus-mous er dibandjoer, heuleut sadjam er deui, sareng teu kènging salin papakéanana noe baseuh tèh, kedah éta baè doegi ka endjing. Nja matak kaboeloesan. Moeng aja ogè mendingna, kènging ari sakalieun diharoedoen mah koe samping toehoer oelah tiris teuing, ngan oelah tjoetjoel-tjoetjoel baè.

Doepi awitanana dibandjoer, erna tèh, dina gerna tataloe, waktos brengna ngawajang tea, dongkap ka boebar wajang isoek-isoek, teu liren, er deui er deui.

Anoe perloe ditingali tèh èndjingna deuih bada ngawajang, (kedah baè hadjat di rorompok koewoe. Oepami teu aja tempat, nja di boeroean baè.

— Geuning aja noe rèk hadjat henteu katingali aja anoe olah teu aja pamasangan-pamasangan atjan! Sareng iraha meuntjina, kapan biasana mah sok dok-dak ari badè hadjat mah, komo hadjat koewoe mah. Ari ieu.....

— Tah, anoe mawi perloe ditingali tea ogè nja éta, èntèng ieu mah koewoe tèh hadjatna, teu sapertos ricengan hadjat biasa. Ieu mah, anoe gadoeh hadjat tèh teu sajagi naon teu sajagi naon, moeng oekoer „angeun“. Toeh geuning anoe disebut „angeun“ tèh, itoe dina kantjah sanès angeun kèri, atawa angeun bebèjtjèk, disebutna „djangan adem-ademan“ atanapi „djangan asrepan“.

Doepi anoe diangeun sanès toelang-talèng embè sanès hajam, ieu mah „DANG-DAOENAN“. Sagala roepi daoen saajana anoe toemoewoeh di sadès Soekaoerip mah kedah aja, henteu rèa-rèa kadjeun satjewir teu kènging aja anoe kalareng. Bres sadajana digodog kawas keur leuhang baè, tjaina nja tjai ti balong karamat tea.

Nanging angeun sotèh moeng dibasakeunana baè woengkoel da teu dioejahan-oejahan atjan, somawonten ari sambara mah dipantrang.

Toeh geuning parantos raboel anoe badè ngarioengna ngabarantoen tjongtjot atanapi timbel. Sadajana darioek njanghareu-

pan hantjenganan *djangan adem-ademan* tea satakir sèwang.

— Eta „leuhang“ tèh ditareda engkèna?

— Henteu; toeh tingali parantos naangtoeng salah-saoerang „SIKEP“, anoe dipikolot koe sadaja éta tèh, djadi wawakil saeusi Soekaoerip; anoe idjab kaboelna tèh nja manèhna. Ari pok-pokanana biantaramah biasa baè tanda boengah, sarta geus narima koewoe anjar tea. Tah ngan toengtoengna sanès „HAMIN“ pokna tèh, ieu mah:


„ADEM, ADEM, adem!??

Njebat „adem“ tèh, bari woer ngawoerkeun *angeun* tea ka batoerna.

Ger baè sadaja anoe ngarioeng tèh ngahaminan njeboet: „Adem-adem-adem“ bari namplokkeun (ngawoerkeun) angeun dina takir tea, ka pada batoerna, têngtoengna mah silih simbeuh koe angeun.

— Itoe matak hawatos koe ki Koewoe. moenggah koelimis pada ngabalandoeran koe „angeun“!

Lebar koe tjongtjot, bet loer baè ditinggalkeur, henteu ditilih deui. Euleuh, itoe geuning dipareboetkeun koe baroedak sareng koe anoe marasakat!



Sèpah-sèpah oerang sok njarios: „Lamoen hidji anggahota oerang ngèrènjèd, (oepamina ngèrènjèd biwir sotja ti kiwa), eta hartosna bakal. . . . s.s.t.

Karoehoen oerang mah parantos kabiasaan ti baheula, kana elmoe tahajoel atawa palintangan bidah teh, teu kintèn diagengkeunana. Djisim koering sering ngalingling, ngilari aki-aki, atanapi nini-nini, margi di noe kitoe wartosna ènggon parimbon teh.

Soepados sadajana taringali, koemaha kapertjajaan kana perkawis ilapat-ilapat tea ieu di handap diserat ngaheulakeun kèkèdoetan dina anggahota oerang.

Oepami ngèrènjéd.

Beulah kiwa:

1. Lambèj loehoer, bakal „kakasih dongkap.”
2. Lambèj handap „pasea sarèng garwa.”
3. Pangamboeng „sènanng manah.”
4. Pipi „tjilaka.”
5. Biwir sotja loehoer „prihatin.”
6. Tjoekang pangamboeng „sèdih.”
7. Biwir sotja handap „ningali noe haram.”
8. Lèrèsan halis „papèndak sarèng saderek.”
9. Djoeroe sotja „papèndak sarèng kakasih.”
10. Antawis halis sarèng halis „pinanggi sarèng kasaèan.”
11. Tarang „kenging artos.”
12. Tjèpil „Ningali kakasih.”
13. Handapeun tjèpil „kasoemping saderek tèbih.”
14. Angkeut „papèndak sarèng saloehoreun.”
15. Bahoe „kenging padamèlan.”
16. Harigoe „Toeang raos.”
17. Dehe (ingkab) „soeka aangkatan.”
- 18.
19. Pinareup (soesoe) „salamèt.”
20. Iga (handapeun pinareup) „dongkap moesoeh.”
21. Angèn „prihatin.”
22. Tjangkeng „bade pasea.”
23. Patoeangan antawis oedèl „sènanng manah.”
24. Patoeangan tjakèt poehoe pingping „kenging kasaèan.”
25. Antawis tjangkeng sarèng kelek „kenging rizki.”
26. Peuputeujan „dongkap kakasih.”
27. Panangan „nampi artos.”
28. Indoeng leungeun „djadi pangoeroes.”
29. Tjoeroek „mèndak moesoeh.”
30. Djadjangkoeng.
31. Djaridji „diboeroe moesoeh.”
32. Tjinggir „kenging panoelak bahja.”
33. Pingping „kenging artos.”
34. Déngkoel „Soemping saderek tèbih.”
35. Wéntis „Bade pasea.”
36. Moemoentjangan „kenging artos.
37. Keuneung „diasih djéléma.”
38. Indoeng seekoe „angkat-angkatan.”
39. Tjoeroekna „Disatroè djéléma.”

Beulah téngén.

(Anoe kekedoetanana sami sareng beulah kiwa.)

1. Lambèj loehoer, bakal „kenging satroe.”
2. Soekan-soekan.
3. Ngahadcan batoer.
4. Kenging kasaeaan.
5. Bade nangis (ngérik).
6. Ningali kakasih.
7. Kaloe ar kasawat (bade teu damang).
8. Kenging artos.
9. „ „ seueur.
10. „ „ haram.
11. Noegraha sarèng papada manoesa.
12. Sami sarèng „kiwa”.
13. Raos manah (Sirna).
14. Sésah manah.
15. Moelja sarèng djadi pangkat loehoer.
16. Sieun tjilaka.
17. Bade prihatin.
- 18.
19. Dongkap kakasih.
20. Kenging moelja.
21. „ „
22. Nganggo panganggo saé.
23. Kenging artos.
24. „ ridjki.
25. Kasemahan.
26. Njéri ati.
27. Karoeroegélan.
28. Kenging artos.
29. Toeang racs.
30. Tjotjog hate.
31. Kenging kasaeaan.
32. Soeka manah.
33. Bade katamoean.
34. Ditimboeroekeun.
35. Kenging rédjéki.
36. „ moelja.
37. Njéri ati.
38. Kenging artos.
39. Bade pasea.

40. Djadjangkoengna „kenging boengah.”
 41. Djaridjina „papanggih saréng bangsat.”
 42. Tjinggirna „Bade pasoa.”
 43. Mastaka „djadi menak.”

Tjarios sepoeh.

Sepceh: Baheula mah djelema tëh djadi *banda mènak*, saroea baè anggapana mènak ka djelema djeung kana tanahna tëh. Malah ari tanah mah saenjana teu djadi kaagoengan, nadjan sakoemaha legana ogè da anoe djadi kaloenggoehan tëh nja tjatjah tëa.

Nonoman: Koemaha ari ngatoerna?

S: Ditungtoekeun koe anoe djadi boepati; ari boepati tjatjahna ditangtoekeun ti Mataram.

Kapan ari njatjahkeun mah geus aja ti baheula, waktoena nja-tjahkeun doa-tioe taoen sakali atawa koemaha katimbang perloena baè.

N: Djadi sapertos *teller* oepami ajeuna mah.

S: Enja, tapi milangna teu gemet tjara ajeuna, apan ajeuna mah nepi ka *dibilang peuteuj* djelema tëh.

Ari baheula mah anoe aboes bilangan tëh, ngan anoe djadi *toe-goe-oempina* baè, djadi saroea baè djeung *iloeng imah*. Tah, saperti Dalem Imbanagara dipaparin 300 tjatjah koe Soenan Mataram, ari saenjana mah djelemana leuwit ti 300, da anak bodjona mah èta tjatjah tëh teu kaitoeng.

N: Sanès ari dalem mah, anoe kagoengan nagara, djadi hartosna anoe kagoengau tjatjah di sawewengkonna; naha nganggo ditangtoskeun ti Mataram?

S: Poegoch asalna pisan mah tanah katoet djelemana tëh anoe dalem, minangka radja dalem tëh baheula na pisan mah, tapi sanggeus ngadeg Mataram, kapan koe Dalem Soemedang, alam Kangdjeung Dalem Ranga Gempol ieu tanah

40. Bade nangis.
 41. Angkat-angkatan tëbih.
 42. Bade nganggo noe anjar.
 43. Djadi Panghoeloe.

Soenda tëh, iwal Eanten djeng Tjirebon, disanggakeun dianggo bakti ka Soenan Mataram, nja èta waktoe Soeltan Agoeng mimiti naloek-naloekkeun sakoeliah tanah Djawa-tèa. Geuning aja goegoeritan: „*Abdi dalem Soenda kilen*” tah èta Tjiandjoer anoe bakti tëh.

N f: Djadi ana kitoe oerang Soenda mah baheula kabawahna koe Mataram tëh, serah bongkokan.

S: Serah bongkokan lain, teu pati keuna, diseboet serah bongkokan ogè, ari enja-enjana mah hideng sorangan baè, mènka koemawoela njanggakeun banda.

N: Koetan kitoe awitna tëh. Sabaraha tjatjahna ari bagian dalem?

S: Henteu tangtoe, koemaha gegekna tempat baè, aja noe lima rëboe, aja anoe ngan genep toedjoeh ra-toes baè.

Tah anoe matak mènak baheula mah ka somahan tëh teu bèda ti ka moending, da anoe koerang tjatjahna, dalem Limbangan oepamana, koedoe ditambah ti Tjihaoer beuti, atoech broel baè oerang Tjihaoer dipindahkeun ka Limbangan; nja kitoe deui oerang Soemedang da koedoe pindah ka Bandoeng, teu meunang ngaengkèkeun, koedoe pindah baè, tjoel radja kajana tjoel takadjarna, tjoel imah tjoel lemboer, koedoe baè indit; da nja èta djelema tëh teu aja pangabogana, geus soemawonna banda, dalah diri mènak anoe kagoengan.

N: Paingan dina basa, dongkap ka ajeuna aja katjapangan: koetoe-koetoe walang taga, sareboek same-rang boeloe, èta kabèh kagoengan ratoe. Tangtos èta tëh pasésaan adat baheula.

S: Enja, tah geuning aja kènèh ari omonganana mah. Tapi ari ajeuna mah ngan tinggal *basa*.

N : Doepi éta dalem, aja sabaraha hidji sadajana, geuning di oenggal pasir aja pasaréan dalem, asa geréngsél naker koe Dalem baheula mah.

S : Ari pasaréan mah, nja réa noe enja pasarean dalem, kawantoe réa dalem anoe kaboepaténna geus roentag, saperti: Parakanmoentjang, Oekoer. Oetama, Pandjaloe, Imbanagara, dj. s. t.

Tapi aja deui anoe henteu bener, poegoeh-poegoeh koeboeran patinggi diseboet dalem.

Ari baheulana pisan mah, méméh kaeréh koe Mataram, saroeantagna Padjadjaran, di Priangan ngan aja tiloe dalem, nja éta Tjiandjoer, Soemedang, djeung Oekoer. Ari Soekapoera Bandoeng, Parakanmoentjang, Garoet, Batoe lajang Galoenggoeng, éta mah béh dieu sanggeus roentag *Kaboepaten Oekoer* ngadegna, tadina mah *oemboel* baé lain boepati.

N : Doepi Tjiamis?

S : Hih ari Tjiamis mah golongan Tjirebon éta mah kolot, tadina di Imbanagara, pindahna ka Tjiamis mah anjar kénéh.

Tah ngan sanggeus kabawah Mataram, beuki réa boepati, anoe tadina mantri atawa oemboel téh djaradi dalem. Ari kapalana diseboetna *Wadana*, hartina Goepernoer moen ajeuna mah, nja éta mimitina *dalem Soemedang*, ditéma koe *Dipati Oekoer*. Goepernoer Soenda téh.

Sanggeus dipasrahkeun ka Koempeni, mimiti aja atoeran, tapi teu sakoemaha géséhna ti tadi, ngan rada aja katengtreman baé meueusan, ka djelema téh henteu tjara ka ingon-ingon teuing; tapi kawasna ari anggapan tjara kana banda mah ka somahan téh anger kénéh harita ogé. Eta tandana maké aja kénéh *basa njanggrah*.

N : *Naon hartosna njanggrah* téh?

S : Ari *njanggrah* téh adat dalem-dalem baheula, ajeuna mah geus

moal aja anoe njarahoeun, éta baé alam Toeana Holla ogé geus tjarang kolot anoe ngalaman inja mah.

Baheula mah di oerang aja adat *bakti istri*, atoech bangsa dalem-dalem ka Mataram poepoendoetna, ari *bangsa handap* moen ajeuna mah *loerah*, tjamat, wadana, nja ka dalem. Ana hajang naék kaloenggoehan, tambah tjatjah téh, nja sok *bakti istri implik-implikna tina séba hasil boemi*. Ari anoe disebakeun téh baheulana pisan mah, *anakna pribadi* lain anoe lian. Geura saperti dalem Imbanagara dalem Oetama baktina téh ngahadja poetrana koe andjeun, anoe kaseboet baé dina babad 1 Nji Babakan poetra dalem Imbanagara. 2 Nji Moendoet poetra dalem Oetama.

Ka-béh-dieunakeun sanggeus djelema njaring pikirna, henteu daraék ngahadja *njebakeun anak*, *nja dalem-dalem sok moendoetan koe andjeun*, djadi papantjén kapala éta téh, *nèangan awéwé* noe hadé *roepana keur dalem*, ari kolotna soemawonna djinisna teu meunang ngoretkeun, teu meunang emboeng koedoe baé ka dajeh, geus teu aja basa kieu kitoe, da koedoe. Nja ari ka-béh-dieunakeun nepi ka aja kadjadian *dalem ditjoré*, *hartina ditéwék koe tjoré*, saperti di Tjiandjoer, nepi ka ajeuna nelah aja *Dalem tjoré*. Eta anoe newek téh papatjangan awéwé anoe *disanggrah* téa.

Lian ti awéwé anoe sok disanggrah téh, *koeda* deui, saha baé anoe boga koeda aloes, éta téh koedoe baé dipoendoet koe dalem, anoe boga teu meunangngorétkeun.

N : Atoeh ana kitoe *pangadji istri* téh sami pisan sareng *koeda*.

S : Nja kitoe! Tah, anoe matak di oerang aja basa *patépok* téh, ti dieu asalna, lamoen aja dalem anjar sok pakepoech njanggrah, da dalem koedoe kagoengan parekan djeung selir, mangkaning lain hidji doca aja widakna éta téh.

Dip. Uka

**Poesaka anoe toeroen-
toemoeroen,**

Samboengan P.S. No. 5.

Oelah ngoejoep tina sindoek, matak goreng dangdan.

Oelah nginoem dina batok, matak goreng masamoan.

Oelah nĕpakan tonggong, matak liar tja-tjing.

Oelah ngĕrik boeloe bitis, matak djadi palantjongan.

Oelah meuleum soeloe ti poehoena matak malarat pakokolot.

Oelah dahar seupan bari, matak limpeuran.

Oelah ngapoetan totopong, matak loba noe ngahina.

Oelah njeum boeboeronan, matak dipentaan njawa.

Oelah ngoeliat mĕntas dahar, matak kandolan.

Oelah ngĕrik koekoe, matak dikaot maoeng.

Oelah nangkarak di taneuh, matak dilengkahan djoerig.

Oelah sila dina taneuh, matak beak pangarĕpan.

Oelah rĕsĕp mĕntjrong seuneu, matak djadi saksi padoe.

Oelah sok noetoean taneuh, matak torek.

Oelah belikan, matak gondok.

Oelah dahar kakalangkangan matak bĕgang.

Oelah ngasah dina pidjalaneun, matak garĕgĕseun (pidjahent).

Oelah nginoem dina siwoer, matak kawisaja deungeun.

Oelah dahar toenggir hajam, matak dipangnoenggirkeun.

Oelah dahar tjokor hajam, matak goreng aksara.

Oelah sok dahar mamaras, matak loba kasoelah.

Oelah ngahoeroen baloeng, matak deukeut kabingoeng.

Oelah njoo seuneu matak gĕde rahent.

Oelah ngadioekan songsong, matak hitoet dihareupeun mitoha.

Oelah ngadekan tihang, matak katidareĕsa.

Oelah dahar nodong doelang matak dilĕbok maoeng.

Oelah nendjo noe ngising, matak totos seeng.

Oelah mandi koerang lantis, matak dipatjok oraj.

Oelah dahar djantoeng, matak bĕlĕt.

Oelah dahar lopang, matak bĕlĕt.

Oelah didoedoekej di imah, matak dipanah gĕlap.

Oelah heheotan di imah, matak teu boga oejah.

Oelah lalanggiran, matak paeh indoeng.

Oelah dioek dina njiroe, matak oenggah bale-watangan.

Oelah dahar mamas hajam, matak goeranjih.

Oelah dahar ĕndog boeroeng, matak boeroeng kalakoean.

Oelah njĕboet ngaran kolot, matak hapa hoei.

Oelah sapake djeung kolot, matak sapa herang.

Oelah neuraan keur kolot, matak sapa herang.

Oelah nginoem notor kĕndi, matak gĕnteng beuheung boedak.

Djaba ti ieu masih loba keneh pisan kapamalian anoe koedoe dipantang koe djalĕma. Anoe reuneuh aja pantangna, anoe ngadjocroe aja pantangna anoe keur kariĕaan nja kitoe keneh, anoe tani soemawonna, pendekna dina sagala kalakoean aja pantanganana, pamalina, noe dipalar taja deui ngan soepaja salamĕt, hasil anoe dimaksoed.

Lamoen aja pĕtana mangke ka harcun oerang toeloekkeun deui.

D. K. ARDIWINATA.